**दिन– मंगलवार** **दिनांक–03.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे चारि हजार आठ सय अंठावन नव पद पर नियुक्ति कयल जायत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसार मे ई आशयक प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। बैसारक बाद कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे एहि मे सभ सँ बेसी शिक्षा विभाग मे एक हजार पाँच सय तीन पद अछि। एहि मे सहायक शिक्षा विकास पदाधिकारिक नओ सय पैंतीस आओर शिक्षा विकास पदाधिकारी पाँच सय अड़सठि पद अछि। संगहि, कृषि, ग्रामीण विभाग, समाज कल्याण आओर लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभाग सहित कतेको आनो–आन विभाग मे सेहो नियुक्ति कयल जायत। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे राज्य मे विमानन क्षेत्र के बढ़ावा देबाक लेल एवीएशन टर्बाइन फ्यूल वैट दर के घटेबाक प्रस्ताव के सेहो कैबिनेट स्वीकृति देलक अछि।

———————————————————————————————

अपर मुख्य सचिव जनौलनि जे कैबिनेट बक्सर आओर सासाराम मे अल्प संख्यक आवासीय विद्यालय बनेबाक स्वीकृति देलक अछि। संगहि, आरा, सीवान, आओर सासाराम मे जलापूर्ति योजना लेल सेहो राशि के स्वीकृति देल गेल। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे कैबीनेट पटनाक ओहि कालक ड्रग इन्सपेंक्टर जीतेन्द्र कुमार आओर जमुईक अल्प संख्यक कल्याण पदाधिकारी जटाशंकर पांडेय के सेवा सँ बर्खास्त करबाक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति देलक अछि।

———————————————————————————————

मुजफ्फरपुर मे एक दुष्कर्म पीड़िताक मृत्युक मामिला मे स्वास्थ्य विभाग श्रीकृष्ण मेडिकल कॉलेज अस्पतालक अधीक्षक डॉक्टर कुमार बिभा के निलंबित कऽ देलक अछि। देल गेल आदेश मे जनाओल गेल अछि जे अधीक्षक रेफर पॉलिसीक ठिक ढंग सँ पालन नहि कयलनि। ओतहि, विभाग पी.एम.सी.एच.क प्रभारी उपाधीक्षक डॉक्टर अभिजीत सिंह के सेहो काज मे लापरवाही बरतबाक आरोप मे पद सँ हटा देलक अछि। ध्यातव्य अछि जे ई मामिला मे राष्ट्रीय महिला आयोग आओर मानवाधिकार आयोग स्वत संज्ञान लैत राज्य सरकार के

जवाब देबाक लेल जनौलक अछि। एहि बीच, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय जनौलनि जे मामिलाक जांच लेल एक उच्चस्तरीय समितिक गठन कयल गेल अछि। मामिला मे जे कियो दोषी पाओल जयताह हुनका सभ पर कड़गर कार्रवाई कयल जायत।

———————————————————————————

पटनाक भाजपाक प्रदेश कार्यालय मे आइ नरेन्द्र मोदी के प्रधानमंत्रीक रूप मे एगारह बरख पूरा भेलाक उपलक्ष्य मे एक कार्याशालाक आयोजन कयल गेल। प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवालक अध्यक्षता मे भेल ई कार्यशाला मे क्षेत्रीय संगठन महामंत्री नागेन्द्र आओर प्रदेश संगठन महामंत्री भिखूभाई दलसानिया सहित कतेको पैघ–पैघ नेता सभ छलाह। कार्याशाला मे नरेन्द्र मोदी सरकारक उपलब्धिक पर चर्चा कयल गेल आओर एहि के लोक सभ धरि पहुंचेबा पर जोर देल गेल।

———————————————————————————

आतंकवादक खिलाफ भारतक कूटनीतिक प्रयास मे कतेको सर्वदलीय प्रतिनिधिमंडल सभ विश्वक कतेको देशक दौरा कऽ रहल छथि। जदयू सांसद संजय कुमार झाक अगुवाई मे

एक प्रतिनिधिमंडल इंडोनेशिया, मलेशिया, कोरिया गणराज्य, जापान आओर सिंगापुरक दौरा कयलनि। ई दल किछु कालक बाद भारत लौटताह। एहि सँ पहिने कुआलालम्पुर मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे जदयू सांसद श्री झा जनौलनि जे सभ देश आतंकवादक खिलाफ जीरो टॉलरेंसक भारतक नीतिक समर्थन आओर ऑपरेशन सिंदूरक प्रसंशा कयलक अछि। एहि बिच, भाजपा सांसद रविशंकर प्रसादक अगुवाई मे दल इंग्लैंडक दौरा पर छथि। श्री प्रसाद जनौलनि जे इंग्लैंड सेहो आतंकवाद पर बेसी चिंता जतौलक अछि।

———————————————————————————

आइ विश्व साइकिल दिवस अछि। संयुक्त राष्ट्रसंघ आजुक दिन बरख दू हजार अठारह मे साइकिल दिवस मनेबाक घोषणा कयने छल। साइकिलक लाभ, स्वास्थ्य आओर पर्यावरण लेल जागरूकता बढेबा के लऽकऽ ई दिवस मनाओल जायत अछि। एहि मौका पर राजधानी पटना सहित प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे साइकिल रैली निकालि कऽ लोक सभ के चुनावक काज मे भाग लेबाक लेल जनाओल गेल।

———————————————————————————

मौसम विभाग आइ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे बरखा आओर मेघगरजक संग ठनका खसबाक चेतावनी जारी कयलक अछि। विभाग जनौलक अछि जे काल्हि राज्यक पूर्वी क्षेत्र मे किछु ठाम निक बारिश भऽ सकैत अछि। कैमूर, रोहतास, औरंगाबाद आओर गया जिला मे झोंकाक संग तेज गति सँ हवा चलि सकैत अछि। हवाक गति पचास सँ साठि किलोमीटर प्रतिघंटा धरि रहि सकैत अछि। एम्हर, सीवान जिला मे काल्हि देर राति तेज हवा आओर बरखा सँ जुड़ल दुर्घटना मे सात लोकक मृत्यु भऽ गेलनि। कतेको ठाम गाछ–वृक्ष आओर बिजलीक खंभा उखड़ि गेल जाहि सँ बिजली आपूर्ति आओर सड़क पर आवाजाही प्रभावित भेल अछि। आपदा प्रबंधन विभाग लोकसभ सँ खराब मौसम मे सतर्क रहबाक लेल जनौलक अछि।

---

समाप्त भेल।